6+

# Нур

ISSN 0207 - 6551

7

2015







***ПУШКИН Александр***

*ДИ ЛЪАХЭ*

# КАВКАЗ

Уэсылъэ къырыщхьэм си закъуэу сытетщ.
Кавказыр си пащхьэм илъщ. Къыр адрыщІым
Къолъэтри зы бгъэшхуэ, хым щес фІэкІ умыщІэу,
И дамэр мыхъейуэ хьэуам хэтщ – збгъэдэтщ.
Солъагъу сэ къежьапІэ яхуэхъур къуршыпсым,
Бгыгуэхухэу шынагъуэм пхуІуахыуи щытщ.

Си пащхьэм илъ пшэхэм мамыру къакІухь.
А пшэхэм пхолъэтри зашэщІыр псыкъелъэм,
Абыхэм я лъабжьэм щозэш мывэ къалэр,
АдкІэІуэ мылыфыр, баналъэр йогъухь.
АдкІэжкІэ мэз щхъуантІэм щІауфэ аузыр,
Щызожэ щыхь дахэр, бзу цІыкІухэр щоусэр.
КІэрытщ бгым унэхэр, бзу абгъуэ нэхъей,
Хъуныпъэ бгы нэкІум Іэщ гуартэр йолъагъуэ.

Тетщ Іэхъуэр аузым къыхуэкІуэ лъэс лъагъуэм,
Мээ жьауэм и щІагъым Арагвэ щолъей.
Чэф иІэу къыпфІэщІу Тэрч хъийм щикІ аузым
Гум щІыхьэу и гъыбзэр щеусыр.

Тэрч йолъ, мэкъугъ – ещхьщ хьэкІэкхъуэкІэ губжьам,
МэжалІэрэ зихъунщІэу гъущІ хъарым исым,
Йозауэ ар бгыхэм, зэрихуэ пфІощІ и псэм,
Толъкъункіэ къыр дзакІэм йогъу, и жьэр ущІау…
Ар пщІэншэщ! Къылъыскъым ишхыни гуфІэгъуи –
Ехь гъащІэр нэпкъыжьхэм къузауэ яІыгъыу.

*Зэзыдзэкlар* ***ЕЛГЪЭР Кашифщ***

# Чыцӏ ерыщхэр

*Адыгэ таурыхъ*

Хъуакӏуэ къыздикӏыжым, пхъэ закъуэ лъэмыжым чыцӏитӏ щызэрихьэлӏащ. Зэпэуващи, тӏуми дадзыхын ядэркъым.

– Щхьэ укъыспэува? Сигъэкӏ лъэмыжым! Сэ сопӏащӏэ! – жиӏащ зым.

– Уэращ къыспэувар! Сэ сымыпӏащӏэ уи гугъэ? Текӏуэти, сыблэгъэкӏ! – жиӏащ адрейм.

– Сытекӏуэтынукъым. Уэр нэхърэ сынэхъыкӏэ? Нэхъыкӏэм сыкъилъхуа? Уэри текӏуэт: сопӏащӏэ жысӏакъэ!

– Ущӏегъуэжынщ, тхьэмыщкӏэ! Сыкъыумыгъэгубжь. Сэ сытэмакъкӏэщӏ гуэрщ: натӏэкӏэ сыноуэнщи, уездзыхынщ лъэмыжым!

– Сэ сынэхъ хуэмыху уи гугъэ! Сэ уездзыхыфынукъэ лъэмыжым! Текӏуэти, сыблэгъэкӏ, жызоӏэ!

– Ублэкӏынукъым!

Натӏэкӏэ зэжьэхэувэри, чыцӏитӏыр зэныкъуэкъуащ – зэрытегъэкӏуакъым.

– Сыту уерыщ уэ ӏейр! – жиӏащ зым. – Сызэрыпӏащӏэр пщӏэрэ пэт, сыблэбгъэкӏыркъым.

– Сэри сопӏащӏэ, – жиӏащ адрейми. – Жэщ къызэрыттехъуар плъагъуркъэ: сэ нэхъ жыжьэ сыкӏуэжынущ. Пшапэр зэхэуэмэ, ди унэр къысхуэгъуэтыжынукъым.

– Дэнэ нэс уздэкӏуэжынур?

– Хьэрэкхъуэрэ нэс сыкӏуэжынущ.

– Сэ Афэбг нэс сыкӏуэжынущ...

– Сэ сынэхъыжьщ, нэмыс къысхуэпщӏын хуейщ. Нэхъыжьым гъуэгур ират зэрыхабзэр пщӏэркъэ?

– Сыт уи ныбжьыр?

– Уафэгъуагъуэ уэшхышхуэ къыщешха гъэм сыкъалъхуауэ жаӏэ.

– Апхуэдэ ныбжь дэнэ уэ къыздипхар?

– Дунейр слъэгъуащ сэ, тӏасэ!

– Дуней зылъэгъуарэ ныбжь зиӏэрэ ухуеймэ, сэращ! Щӏыр щыхъея гъэм сыкъалъхуащ сэ!

– Укъамылъхуагъэххэрэт уэ ӏейр! Лъэмыжым япэ къытехьар сэращ: текӏуэти, сыблэгъэкӏ!

– Уэракъым япэ къытехьар – сэращ! Мо-о-дэ укъэсауэ ущыслъэгъуам, сэ лъэмыж дакъэм сытетт.

– Зэрымыукӏытэ ар! Сыблэгъэкӏ, зо!

– Ублэзгъэкӏмэ, напэ сиӏэкъым!

– Фӏы щӏэпхынкъым, сыблумыгъэкӏмэ!

– Уи ней къысщыхуэ!

Чыцӏ ерыщитӏыр, натӏэкӏэ зэжьэхэуэри, лъэмыжым зэредзыхащ.

*Зытхыжар* ***КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ***



*ГУРТУЕВЭ Мариям*

# Алибэчрэ адакъэ плъыжьыжьымрэ

*Рассказ*

Алибэч и ныбжьыр илъэсищ ирикъуащ. Ар куэдрэ мащIэрэ Алибэч ищIэнутэкъым, ауэ и адэм къыжриIащ: «Уэ иджы, си щIалэ, ин ухъуащ, еплIанэ илъэсыр ибохуэкI. Нэхъри нэхъ псынщIэу зыкъэужь, дыээгъусэу мэкъу деуэнщ». Алибэч и адэм жиIэр и фIэщ мэхъу. ИкIи къыщохъуж хэхъуарэ балигъ хъуауэ. Ауэ щыхъукIэ – лъэщу икIи хахуэу. Япэм щыгъуэ ар щышынэрт адакъэ плъыжьыжьым – мо шынагъуэу Iуэм. Пшахъуэм щыджэгуу и лъакъуэм къытепщхьа хъумпIэцIэдж щхъуафэжь цIыкIум къызэригъэщтауэ щытар-щэ? «ПIацIэ! Мамэ, пIацIэ!» – жиIэу гужьеяуэ щIэпхъуат. Мамэ деж нэсрэ мобы къызэпиплъыхьмэ, «пIацIэ» шынагъуэр бзэхакIэт. Абы лъандэрэ Алибэч тхьэусыхэн хьэпыр зыхинащ, апхуэдэ хьэпIацIэжь цIыкIухэр щилъагъукIэ къыфIэIуэхужкъым. Папэ абы ауэ сытми къыжриIат-тIэ: «Уэ ин ухъуащ», – жиIэу.

ЩIалэ цIыкIур пщIантIэм къыдыхьащ. Хуабэт. Дыгъэ гуащIэм игъэцIыва Бойнак хьэгъуэм ипщхьэжауэ къимыплъу ист. Бзу цIыкIухэм, къэсри, хьэр зэрышхыкI тепщэчым хуэсакъыурэ гъунэгъу зыхуащIащ. Ауэ тепщэчым зыри щрамыгъуатэм, IулъэтыкIхэри удзыпцIэм хэтIысхьахэщ, удз щхьэкIэхэр фIауIукIыу. «Жэмхэр хъуакIуэ нэхъей», – жери Алибэч егупсысащ. Ауэ бзухэм ящIэжыртэкъэ ящIэр: удзым хугу хуэдизу къыпидза цIыкIухэр яуIуу арат. ЩIалэ цIыкIур абыхэм щабгъэдэлъадэм, къащтэхэри зэбгрылъэтыкIыжащ. Алибэч егупсысащ: «Сыту сылъэщ сэ! Си закъуэми, къысщышынахэщ, езыхэр куэд хъу пэтми». Абы хэту, Алибэч гу лъитащ зызыгъэпагэу джэдхэм яхэт адакъэ плъыжьыжьым. Адакъэм гъунэгъуу бгъэдэкIуатэри зигъэпIу: «Шу!» – жиIэри и Iэр ищIащ. АрщхьэкIэ адакъэ плъыжьыжьым абы и унафэр къыфIэIуэхущакъым. ЗыщIыпIи жакъым, зэраншум нэбгъуэкIэ къыхуеплъэкIа мыхъумэ. Ауэ джэдхэр IукIащ. Ар адакъэжьым игу ирихьакъым, «сэ фэ фызохъумэ, сыт фыщIэшынэр», жыхуиIэу.

ЩIалэ цIыкIум, *джэдхэм* я Iэтащхьэм нэхъ гъунэгъуу бгъэдэкIуатэри, и «Шу!» шынагъуэм нэхъ шынагъуэжу къытригъэзэжащ. Адакъэжьым, пагэу зыкъиплъыхьурэ, хуэму, ауэ ину бакъуэу, бжыхь лъагэм хуэкIуэу щIидзащ. Абы игу къэкIыжащ дыгъуасэ я гъунэгъу адакъэжьым гуащIэу зэреззуауэ щытар. Ар, дамабгъуэ хъужауэ, уэсым хуэдэу, адакъэ хужьт, и сыджыр плъыжьышхуэрэ лъэныкъуэкIэ ебэкIауэ. Адакъэ хужьыр бжыхьым къыдэлъейри пщIантIэм къыдэпкIат, абы дэт джэдхэм закъып-





ригъэхын мурадкIэ. АрщхьэкIэ адакъэ плъыжьыжьым ар къыпхуидэнт? ПэщIэуващ. Арыххэу абдеж адакъэ зэзауэр яублащ. Адакъэ зауэ гуащIэ дыдэр! ТIуми мыхьыр яхьащ. ТIуми къалъысащ: цы мащIи япхъакъым, лъы мащIи ягъэжакъым... Ауэ, дауэ мыхъуами, пщIантIэр зейр текIуащ. Зыщхьэщыт джэдхэм, и щIыпIэм щIэныкъуэкъуну къихьа бийр ирихужьэжащ.

Джэдхэр, зэзауэхэр къафIэмыIуэхуу, хадэм ихьауэ щылъэпхъащэу итхэт, щхьэж къыIэрыхьэр ирихухыу. Адакъэ плъыжьыжьым и жагъуэ мыхъуу къэнакъым текIуэныгъэр къызэрихьар мобыхэм зэрамылъэгъуар, ауэ, сыт ищIэнт, щыкъун лъыхъуэ и джэд зэрыбыным якIэлъыкIуащ. Езыми лъэпхъащэу щIидзэри хьэмбылу гъумышхуэ къыIэрыхьащ. «Къыт-къыт-къыт!» – жери и щхьэр къимыIэту джащ. Джэдхэм, а джэ макъыр зищIысыр ящIэри, «ду» жиIэу зэхуэжэсауэ я зиусхьэным пэкIэ быдэу иIыгъыр яфыщI. Адакъэжьым ар быдэу щIиIыгъыр псоми тIэкIу-тIэкIу ялъигъэсыну хуейщи аращ. ЕщIэ, иутIыпщмэ, зым и закъуэу иригъэмрэкIуэхынущ.

Алибэч, а псор къызэрекIуэкIар илъэгъуати, езыри джэдхэм яхуэупсэну игу къэкIащ. Нартыху къэп зыщIэт сенэм щIэлъадэщ, зы Iэбжьыб къыщIихри яхуипхъащ. Джэдхэм пIащIэрэ яфIэфIыпсу яуIуащ нартыху хьэдзэшхуэхэр. Ауэ адакъэ плъыжьыжьым щIалэ цIыкIум и тыгъэр Iумпэм ищIащ. Иджы бжыхьым дэльеящи, зигъэпагэу тетщ. Ар Алибэч и жагъуэ хъуащ. Къэгубжьыжщ, «уэ пхуэфI сыхъункъэ!» жиIэри, адакъэ пагэр зытет лъагапIэм къытрихуу, и хьэпэлагъыр зыхищIэху кърихуэкIыну мурад ищIащ.

Абы хэту, Алибэч и анэшхуэр къыщIэкIащ, ючъуэщын IэщIэту. Итхьэщiа ючъуэщыныр бжыхь бжэгъу папцIэм игъэгъуэщыну щыфIидзэм и къуэрылъхум гу лъитащ. Алибэч чы цIыкIу IэщIэлът, бжыхьым тет адакъэм хуигъэдалъэу. Анэшхуэм, Iуэхур зыIутыр занщIэу къыгурыIуэри, и къуэрылъхум IэщIэлъ чыр хыфIиригъэдзащ. И Iэпэр иубыдри унэм щIишэжащ. ИтIанэ, игъэтIысри, игъэукIытэу жриIащ: «Ар дауэ уигу къэкIа, Алибэч, нэхъыжьым уи Iэр къыхуэпIэтыну? Ди адакъэр джэд зэрыбыным я нэхъыжьщ. Абы, плъагъуркъэ, быи и куэдщ – язынкъуэр ин хъуащ, язынкъуэм иджыри зауэжьакъым. Ди адакъэр – тхьэмадэщ. Тхьэмадэм сыт щыгъуи пщIэ хуэщIыпхъэщ. Ар цIыхуу е нэгъуэщI псэущхьэу ирехъу – абы елъытакъым. Ар уигу игъэлъ. Ар дэ, цIыхухэм, ди хабзэщ. А хабзэр пIыгъыжыфмэ, уэри зэгуэр тхьэмадэ ухъунщ».

И анэшхуэм къыжриIар Алибэч къыгурыIуащ. Езыр нэхъри нэхъ иныж хъуауи къыщыхъужащ. ДяпэкIэ адакъэ плъыжьыжьым ныбжьэгъу зыхуищIынуи мурад ищIащ.

*ЗэзыдзэкIар* ***ХЬЭТУ Пётрщ***

*ПХЫТIЫКI Юрэ*

# Хэт дызышэр?

Махуэ къэскIэ
Сабий садым
Нанэ сешэ,
Сыкъешэж.
Ди хьэмаскIэ
КIэ балаци
ТщIыгъуу
НокIуэри
КъокIуэж.
Сэ къысфIощI
Дэ хьэр зэдэтшэу.
Ди хьэ цIыкIуми
И гугъэжщ
Нани сэри
Махуэ къэскIэ
Садым дишэу
Дыкъишэж.



# Сэлэт

Феплъыт,
Сэри сысэлэтщ!
Мы си фащэм
Сыт къыхуэт?
Ехьэжьауэ
Сысержантщ.
Телъыщ дамыгъэр
Дыщэпс уагъэу,
Мызу – щы!
Сыхъупэным
Инэрал
Къыхуэтыжыр
Зы медалщ!







***КЪЕТЫКЪУЭ Дисанэ*** илъэс 11 и ныбжьщ, Налшык 9-нэ школым щоджэ, Россие псом щекlуэкlа XIII-нэ акъылкутэ марафоным и кlэух зэпеуэм хэтащ. Сурэтым: сэмэгумкlэ щытыр Дисанэщ, ***ЖАНГУРАЗОВЭ Самирэ*** и гъусэу.



***МУРЗЭКЪАН Замирэ*** Бахъсэн 1-нэ школым щоджэ, 6-нэ классщ, инджылыбзэр кууэ едж.

***ГУАНЭ Данэ*** илъэси 9 и ныбжьщ, Налшык 30-нэ школым щоджэ, пианинэ йоуэ, къофэ, уэрэд жыlэным дехьэх.

# ЩIЭБЛЭ





***МУРЗЭКЪАН Арианэ*** Бахъсэн 1-нэ сабий садым и гъэсэнщ, усэ дахэу къоджэ, къэфэным зыхуегъасэ.

***ГУАНЭ Дисэ*** Налшык 7-нэ сабий садым и гъэсэнщ, усэ гъэхуауэ, дахэу къоджэ, къэфэни фlэфlщ.



*Дэ къытхуатх*

«Нур» журналым и лэжьакlуэхэ! Илъэс куэд хъуауэ дэ къытlэрохьэ «Нур» сабий журналыр. Абы къытехуахэм дихьэхыу еджэу щытащ си къуэр. Иджы журналыр и lэпэгъуэщ си къуэрылъху цlыкlу Эвелинэ. Фэзгъэлъэгъуащэрэт а журналым и къыдэкlыгъуэ къэс абы зэрыфlэгъэщlэгъуэныр! Езы цlыкlур губзыгъэщ, дахащэу уэрэд жеlэ, къэфэным дехьэх, усэ цlыкlухэм гукlэ къоджэ. Эвелинэ илъэси 3 ирикъуащи, журналыр къээгъэсэбэпу сыхуейт си къуэрылъху цlыкlум сехъуэхъуну!

***ПЩЫХУЭФI Зуридэ***
*Краснодар къалэ*

# СПАРТАКИАДЭ:

Урысей Федерацэм и еджакlуэхэм атлетикэ псынщlэмкlэ я VII гъэмахуэ спартакиадэм и япэ lыхьэр Прохладнэ къалэм и «Ремонтник» стадионым щекlуэкlащ.

Зэхьэзэхуэм хэтащ Налшык, Прохладнэ, Бахъсэн къалэхэм, Бахъсэн, Прохладнэ, Шэджэм, Тэрч, Майскэ, Дзэлыкъуэ, Лэскэн, Шэджэм районхэм я гуп къыхэхахэр.

Зэпеуэхэр гуащlэу екlуэкlащ. Нэрылъагъут цlыкlухэм абы хуабжьу егугъуу зэрызыхуагъэхьэзырар икlи зыри къикlуэтыну зэрыхуэмейр.

Щlалэ цlыкlухэм я деж бжьыпэр щаубыдащ Прохладнэ къалэм и спортсмен ныбжьыщlэхэм. Абыхэм къакlэлъокlуэ Прохладнэ районым щыщхэр. Бахъсэн районым икlахэр ещанэщ.

Хъыджэбз цlыкlухэм я зэпеуэми Прохладнэ къалэм щыщхэр щытекlуащ. Етlуанэ увыпlэр Налшык икlахэм яубыдащ. Прохладнэ районым и лlыкlуэхэр ещанэ хъуащ.

Зи гугъу тщlы зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыубыдахэм саугъэтхэмрэ щlыхь тхылъхэмрэ иратащ. Абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlыхьыр ща-



# КУБОКХЭР, САУГЪЭТХЭР

хъумэнущ Урысей Федерацэм и еджакlуэхэм атлетикэ псынщlэмкlэ я VII гъэмахуэ спартакиадэм и етlуанэ lыхьэм. А зэпеуэм хэтынущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щlыналъэхэм щынэхъыфlхэр.

Гимнастхэм Спартакиадэм и етlуанэ lыхьэр ирагъэкlуэкlащ. Дон lус Ростов щекlуэкlа Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ округхэм я зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и гупым бжьыпэр щиубыдащ. Щхьэзакъуэ зэпеуэм дыщэ медалыр щызэlэригъэхьащ Шэджэм къа-лэм щыщ еджакlуэ Къудей Дисанэ. Ар ехъулlэныгъэшхуэщ. КъБР-м гимнастикэмкlэ и гуп къыхэхари Къудей Дисани къэралпсо утыку ихьэну lэмал ягъуэтащ.

***

Къэбэрдей-Балъкъэрым Футболымкlэ и федерацэмрэ «Спартак-Налшыкым» къыдэщlхэм ядэлэжьэнымкlэ и къудамэмрэ къызэрагъэпэща зэхьэзэхуэм хэтащ «Спартак-Налшык» сабий-ныбжьыщlэ спорт школым (ДЮСШ) и гъэсэнхэу 2004, 2005 гъэхэм къалъхуахэр, илъэс пщыкlузым итхэр зыхэт Налшык и курыт еджапlэ №31-м, ди къалащхьэм и «Эльбрус», Нарткъалэрэ Прохладнэрэ я ДЮСШ-хэм я командэхэр.

Удэзыхьэхыу икlи гуащlэу екlуэкlа зэпеуэм текlуэныгъэр къыщихьащ курыт еджапlэ №31-м и футболистхэм. Абыхэм кlэух зэlущlэм щыхагъэщlащ «Эльбрус» гупыр. Ещанэ увыпlэр лъысащ нарткъалэдэсхэм ефlэкlа «Спартак-Налшыкым» и гъэсэнхэу 2004 гъэм къалъхуахэр.







*ЖЫЛАСЭ Заур*

ОСЕЕВЭ В.

Рассказ

# Тхьэмпэ щIыху

Маринэ къэрэндащитI удзыфэу иIэт. Ленэ зыри иIэтэкъым. Арати, Ленэ Маринэ зыхуегъазэ:

– Кхъа, Маринэ, къэрэндащ удзыфэ къызэт.

– ЯпэщIыкIэ мамэ сеупщIынщ, – жи Маринэ.

ЕтIуанэ махуэр къосри тIури школым къокIуэ. Ленэ Маринэ йоупщI:

– Идэрэ фи мамэ къэрэндащ удзыфэ къызэпту?

Маринэ ину мэпапщэри жеIэ:

– Мамэ идат, ауэ си дэлъхум сеупщIакъым.

– Хъунщ-тIэ, уи дэлъхуми еупщI, – жи Ленэ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэри къос. Ленэ аргуэру Маринэ зыхуегъазэ:

– Сыт, идэрэ уи дэлъхум?

– Си дэлъхум идэт, – жи, – ауэ сошынэ си къэрэндащыр зэпыпщIыкIынкIэ.

– Сыхуэсакъыпэу сIыгъынщ, – жи Ленэ.

– Хуэсакъ, хуэсакъ, – къыпещэ Маринэ, – Iейуэ тумыкъуэз, уи жьэми жьэдумылъхьэ, кузди ирумыщIалэ.

– Сэ, – жи Ленэ, – жыгым и тхьэмпэхэмрэ удзхэмрэ злэн къудейуэ аращ.

– Ар куэдыIуэщ, – жи Маринэ, и нэщхъыр зэхиукIэу.

Абы и псалъэхэм и ужькIэ Ленэ къэрэн-дащыр къищтэн идэжакъым. Ар къызэри-мыщтар игъэщIагъуэу Маринэ и ныбжьэ-гъум кIэлъожэ.

– Ленэ, щхьэ апхуэдэу зыпщIрэ? Къащтэ!

– Хьэуэ, – къэт жэуап Ленэ.

Урокыр здекIуэкIым егъэджакIуэр Ленэ къоупщI:

– Сыту пIэрэ, Ленэ цIыкIу, уи жыгым пыт тхьэмпэхэр щIэщIыхур?

– Къэрэндащ удзыфэ сиIэтэкъыми аращ.

– НтIэ, щхьэ уи ныбжьэгъу цIыкIум къыIыумыхарэ?

Ленэ зыри жиIэркъым. Абдежым занщIэу Маринэ плъыжь къэхъуауэ жеIэ:

– Сэ естат, ауэ езым къищтакъым.

ЕгъэджакIуэр тIуми гъуэрыгъуэу йоплъ. ИужькIэ, Маринэ зыхуегъазэ:

– КъыпIихын хуэдэу хуэпшиятэмэ, къищтант. Зэи апхуэдэу умыщIэ!

*ЗэзыдзэкIар* ***СЭРАЛЪП Заремэщ***



ПСЭУЩХЬЭ ГЪЭЩІЭГЪУЭНХЭР

# Хыв

Хывыр (хьэрэкІи йоджэ) Ізщ пІащэщ, Іэпкъылъэпкъ быдэщ, щхьэ гъумщ, икъукІи бжьакъуэшхуэ тетщ. И хьэлъагъыр тонным ноблагъэ. И теплъэкІэ щхьэхынафэжейнэдыфэщ. Махуэ псом шэдым халъщ. Псыхэуэхэр и гущІыІум итщ, псыпцІэ бабыщхэр и щхьэм деж щызэхэзоуэ.

ЗэфІэту щыжей щыІэщ. И джабэхэм ятІэпсыр къожэх, ятІэ шыкъырхэр къыгуохуэ. И пэр бадзэм зэщІищтащ. Псыхэуэхэм загъэхъейркъым. Мыдэ, хьэкІэкхъуэкІэ Іэл мыхъуу, пхъэдакъэ тыкъырыжь хуэдэуэщ къэзэрыщыхъур. Ауэ хывыр къэбгъэгубжьмэ – умыбэлэрыгъ! Аслъэн пэтрэ и гъуэгум токІ. КъыплъэщІыхьэмэ, и бжьакъуэхэмкІэ удридзэинщи, и фІалъэшхуэхэмкІэ уэзхипІытІэнщ.

Хывхэр гуп-гупурэ мэпсэу. КъэщэкІуэну мурад зыщІ хьэкІэкхъуэкІэхэм япоуэ икІи ирагъэкІуэт.

# Бегемот

Бегемотыр псым щотыншэ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ тоннищ зи хьэлъагъ и Іэпкъылъэпкъыр псым щыхэсым деж зыхищІэркъым.

Псым хэсу псори елъагъу, зэхех икІи мэкІэ зыхещІэ. Езыр зыми илъагъуркъым.

И щІыбым «хъумакІуэу» псыхэуэр тесщ – бадзэ къытригъэтІысхьэркъым. И ныбэ щІагъым бдзэжьейхэр щос – псыдыуэхэр къыкІэратхъ.

Хэти щышынэн ар?! Абы и жьабгъуэ иныр дзэшхуэ зыІут экскаватор шынакъжьеишхуэ хуэдэщ! И дзэ къэси килограмм щырыщ мэхъу. Бегемотым дежкІэ благъуэ дыдэри шынагъуэкъым. ИкъукІэ фэ Іувщи, благъуэр абы едзэкъэфынукъым. Езы бегемотым а благъуэ жыхуэпІэр гушыІэурэ тІууэ зэпигъэпкІынущ.

Пщэдджыжьым щыщІэдзауэ пщыхьэщхьэ хъуху хэсщ ар псым. Пщыхьэщхьэм хъуэкІуэну къыхокІ. Ешх: къамыл, псыхъуэудзхэр, чыцэхэр. Жэщ псом машхэ. Аращ ар апхуэдэу щІэгъумыр, зэгуэтІэтІыжу щІэяер.

*Зыгъэхьэзырар* ***ХЬЭТУ Пётр***





*Адыгэ махуэгъэпс*

# ЛЪЭПКЪЫМ И ТХЫДЭТХ

Тхыдэтх цIэрыIуэ Опрышко Олег 1936 гъэм Нартан къуажэм къыщалъхуащ. 1960 гъэм Москва къэрал тхыдэархив институтыр къиуха нэужь щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым, республикэ къэрал музейм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм щылэжьащ.

Опрышко Олег ди щIыналъэм и тхыдэр къызыхэщцыж тхылъ куэд къыдигъэкIащ. Абыхэм ящыщ «Эльбрус лъэныкъуэмкIэ» жыхуиIэр теухуащ зауэ зэманым ди лъэпкъым зэрихьа лIыхъужыгъэм; «Тхыдэм и лъагъуэхэм» тхылъым къызэщIеубыдэ XIV–XX лIэщIыгъуэхэм ди щIыналъэм къыщыхъуа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр.

ТхакIуэм документ дэфтэрхэр къигъэсэбэпурэ Iэзэу топсэлъыхь ди республикэм и блэкIам. «ЦIыхухэм я гъащIэхэр» очеркым Олег къыщеIуатэ Черкасскэ адыгэ лъэпкъыр урыс тхыдэм къызэрыхэщцыжыр.

Сыт хуэдэ тхылъ и Iэдакъэм къыщIэмыкIами Олег ар треухуэ ди щIыналъэм щыпсэуахэу зи цIэр тхыдэм къыхэна цIыху пажэхэм. Апхуэдэ тхылъхэр ди культурэм дежкIэ хэлъхьэныгъэшхуэщ.

Опрышко Олег культурэмкIэ щIыхь зиIэ лэжьакIуэщ, апхуэдэуи ар Нартан къуажэм и щIыхь зиIэ цIыхущ.

**КЪУЭДЗОКЪУЭ Фатимэ**















# Сурэтыщ1хэр



***Беслъэней Ислъам,*** Налшык Прогимназие № 70, 3-нэ класс.















***РАЕВСКЭ Дианэ,*** Налшык СОШ № 25-нэ, 2-нэ класс.

# «Пщащэ щхьэцхэр» псыкъелъэхэр



Ди щIыналъэм хуэдэу псыкIэ къулей щIыпIэ куэд щыIэу къыщIэкIынкъым. Уэсылъэ къурш лъапэхэр ди псыежэх уэрхэм я къежьапIэщ. Къущхьэхъу щIыпIэхэм куэду къыщыщIож псынэ щIыIэмыл псэхалъхьэжхэр. Псы хуабэпцI хущхъуэхэр, псы шыугъэхэр къалъыхъуэ ди къэралым дэнэ лъэныкъуэкIи къикIыу зи узыншагъэр езыгъэфIэкIуэну къытхуэкIуэ хьэщIэхэм. Гуэл Щхъуантlэхэм, Шэнтхъурей я Iуфэхэм цIыху куэдым я нэгу зыщрагъэужь. Шэджэм псыкъелъэхэм хуэдэ щымыIэу жызыIэ зыплъыхьакIуэхэм щIэх-щIэхыурэ ди щIыналъэм къытрагъэзэ.

Мы сурэтым щыфлъагъу «Пщащэ щхьэцхэр» псыкъелъэхэр сыт щыгъуэ зэмани дахэщ. Базальт къурш мывэкIэ езы дунейм къищIыхьыжа «Пщащэ щхьэцхэр» къыщолъэ Терскол лъагапIэм и ипщэ джабэ нэкIухэхэм.





# ПСАЛЬЭЖЬХЭР, ПСАЛЬЭ ШЭРЫГУЭХЭР

 +Р ІУПЖАИЭ, УЩІЭУПЦІ ЩЫПЭЖЬЫМ

 ЦІЫКІУ  + ШЖУЭ

 КЪЫТЕЛЬЭИЗ, И ШЖУЛЬЭ ЙОПКІ

 ЦУРЫГР КЪЫЩЖЬЭЩАЖ

 ЖЬЭЖЫ ЗЫКЪЫЩІ

 + ЫЖЬЫГР ИТУ,  + ЫЩІЭР ЙОБЭТ

 + 2 + 

 КЪАБЗЭ,  БЗАДЖЭ

 ЖУАБЭЩ

 ДАЖЭ ИЫЖЭ

 + 6 +  ЖЭЙЦЭДЩ

 + ІУВЩ  ЛЪАКЪУЭ ЩІЭТЩ

 ПІАЩІЭ ПСАЛЬЭРЕЙЩ

 + Р И УЦЭЩ

Зыгъэхьэзырар ДЫКЪУЭ Бэчщ

# «Нурым» и гъуджэ




***ШЭРУ Алинэ*** Налшык 17-нэ школым щоджэ, 7-нэ классщ, художественнэ гимнастикэм ехъулӀэныгъэхэр щызыӀэрегъэхьэ. Иджыблагъэ Воронеж щекӀуэкӀа «Олимпым хуэкӀуэ гъуэгу» зэпеуэм дыжьын медалыр къыщихьащ.



НУР

*Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 7 2015г.

Учредители:
Госком КБР по печати и массовым коммуникациям – издатель,
360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Общественная организация «Союз писателей КБР».

Главный редактор
**Б. ГЕДГАФОВ**

Редколлегия:
**Х. КАРМОКОВ**
**А. БИЦУЕВ**
**Ф. МАЛАЕВА**

Художественный редактор
**Е. ФАДЕЕВ**

Свидетельство о регистрации
№ ПИ № ТУ07–00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по КБР.

Подписано к печати
27.06.2015 г.
Выход в свет
31.07.2015 г.

Формат 60x90 1/8
Бумага офсетная №1
Гарнитура ShoolBook, Arial Cyr
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2650
В розницу – цена свободная
Заказ № 113
Индекс 73912

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
ул. Головко, 6
42-75-30, 42-17-53

Отпечатано
ООО «Тетраграф»
г. Нальчик, ул. Ленина, 33